

## 07 Janvye 2022

---

Chè Kominote nan Kanmpous la,

Nou ekri w pou n mete w okouran de plan nou yo pou semès prentan an. Jan sa te ye depi nan kòmansman an, nou pran desizyon nou yo dapre siveyans ak anpil atansyon sityasyon COVID-19 la ansanm ak responsab kanmpous ak sante lokal yo.

Plan nou yo pou semès prentan an fèt nan yon anviwonman k ap grandi byen vit. Chak jou, nou aprann plis sou viris la ak sou varyan omicron an k ap simaye kounye a nan kominote nou yo. Nou konnen omicron simaye byen vit, pi vit pase tout souch viris ki te la anvan yo. Li evidan moun ki te pran vaksen yo epi ki te pran yon rapèl yo gen plis chans pou yo pa malad grav epi pou yo pa entène lopital. Tank n ap aprann plis sou viris la, plan nou yo kapab chanje dapre dènye enfòmasyon ak konsèy sante piblik yo.

### Semès Prentan 2022

Plan nou an ap kòmanse nan semès prentan 2022 a jan nou te planifye sa epi l ap an prezansyèl nan dat 24 janvye. Apre nou fin evalye tout done ak rekòmandasyon ki disponib yo, nou konte mete aksan sou kat estrateji prensipal sa yo pandan semès prentan an pou diminye pwopagasyon COVID-19 la nan kominote nou an ki preske fin vaksinen:

### Obligasyon pou Pran Vaksen Rapèl la

- **Chak manm nan kominote nou an** – pwofesè, anplwaye ak etidyan yo – dwe konnen mizajou sou obligasyon vaksen an pou y al pran yon vaksen rapèl mRNA (Pfizer oswa Moderna) anvan 24 janvye oswa nan 14 jou apre **yo kalifye**. Ou ka voye ale enfòmasyon sou rapèl ou a sou [www.myuhc.umd.edu](http://www.myuhc.umd.edu) lè w ale sou "Antre Enfòmasyon Vaksinasyon kont COVID-19 mwen an."
- Tanpri sonje obligasyon sa a ale pi lwen pase **obligasyon pou pran vaksen rapèl Sistèm Inivèsite Maryland lan bay la** pou etidyan k ap viv nan rezidans sou kanmpous la.
- N ap raple tout manm kominote sou kanmpous nou an (si yo pa gen eksepsyon medikal oswa relijye) respè règleman vaksinasyon an se yon kondisyon pou yo prezan fizikman sou kanmpous la. Jan nou te konn fè sa depi lè pandemi an te kòmanse a, n ap kontinye pran gwo sanksyon kont tout elèv, pwofesè ak anplwaye ki pa respekte règleman yo, jiskaske nou ka rive kanpe yo epi revoke yo nan travay la.
- **Etidyan ki soti nan lòt peyi ki pa Etazini yo** Tanpri fè tout efò posib pou w pran vaksen rapèl ou a anvan w vini. Si w pa gen posiblite kounye a pou w pran

vaksen rapèl Pfizer oswa Moderna kote w ye a, tanpri kontakte ISSS pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w satisfè egzijans pou w pran vaksen rapèl la touswit ou rive.

- 

### Obligasyon pou Fè Tès

- Tout pwofesè, anplwaye ak etidyan yo dwe fè yon tès depistaj rapid (tankou tès adomisil yo) ki pa depase 48 èdtan **anvan** yo vini sou kanmpous la nan dat 24 janvye a.
- **Jwenn resous pou opsyon tès ki pa fèt sou kanmpous la.**
- Si rezilta tès ou a pozitif, ou p ap ka vin sou kanmpous la epi w dwe swiv tout **konsèy CDC yo pou karantèn ak tès yo** ansanm ak tout lòt konsèy eta ak/oswa konte kote w ap viv la bay yo.
- Tout manm kominote a ki pa pran vaksen an, tankou tout moun ki gen eksepsyon medikal oswa relijye yo, ap oblije fè tès la de fwa pa semèn pandan tout semès prentan an.

- 

### Pwoteksyon pou Figi

- Mete mas ak lòt materyèl pou pwoteje figi yo se youn nan metòd ki pi efikas pou diminye fason viris la ap simaye. Obligasyon pou moun mete mas anndan Konte Prince George la toujou an vigè, menm jan sa te ye pou semès otòn lan.
- Ou dwe mete mas yo tout pandan w anndan an, tankou nan tout biwo, rezidans ak espas kote moun manje (eksepte pandan w ap manje oswa bwè).
- Mas KN95 yo obligatwa tout anndan salklas yo epi yo rekòmande yo tout kote. Pou n kontinye pratik la pandan semès otòn lan, anseyan ki pran tout dòz vaksen yo nèt ap ka retire mas yo pou yo pale ak klas la, depi yo toujou respekte distans fizik 6 pye ak lòt moun ki bò kote yo a.
- Y ap jwenn mas KN95 yo nan biwo enfòmasyon Stamp Student Union lan.

- 

### Mwen angaje m pou Maryland (I AM 4Maryland)

- Anpeche viris la simaye pi plis ke posib se yon responsablite pataje pou chak manm kominote sou kanmpous nou an. Kidonk, tout pwofesè, anplwaye ak etidyan yo dwe pran angajman elektwonikman **pou yo respekte tout pwotokòl sante yo.**

-

## Mèsi

Nan non plis pase 50.000 manm nan kominote nou an, n ap remèsye nou chak paske nou rete dilijan nan efò kolektif n ap fè yo pou n konbat pwopagasyon COVID-19 la. Nou konnen nou tout vle rejwenn yon semès prentan konplè men nou konnen tou gen anpil moun ki santi yo enkyè. Nou pran angajman pou nou fè tout sa nou kapab pou n kontinye aji an pèsòn pandan n ap aplike lòt nouvo mezi sante yo jan sa nesesè, plis nouvo enfòmasyon, done ak tandans yo ap vin disponib.

Ou ka jwenn tout enfòmasyon sou prekosyon, règleman ak pwotokòl COVID-19 yo sou [umd.edu/4Maryland](http://umd.edu/4Maryland), kote yo mete yo ajou tanzantan.

Nan pwen sa a, gen yon ti posiblite pou n kontinye wè ka pozitif, alafwa nan rejyon an ak sou kanmpous lan. Pandan pandemi sa a, nou aprann nou pi fò lè nou aji ansanm. Ann pran angajman n pou n fè tout sa k posib pou n pwoteje tèt nou ak lòt moun nan semèn k ap vini yo pandan n ap aprann viv ak viris la.

N ap travèse etap sa ansanm.

Ak tout senserite,



**Darryll J. Pines**

Prezidan Inivèsite Maryland lan  
Li/Li/Li



**Jennifer King Rice**

*Vis Prezidan Prensipal ak Dwayen*  
Li/Li/Li



**Spyridon S. Marinopoulos, MD, MBA, FACP**

*Direktè Sant Sante Inivèsite a*

*Medsen an chèf Inivèsite Maryland lan*

*Li/Li/Li*